



Pou Piblikasyon Imedya: 18/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON PWOJÈ
REZISTANS NAN VIL YATES, NAN KONTE ORLEANS**

Pwojè amelyorasyon Park ki koute 2.5 milyon dola a pral diminye inondasyon alavni; ogmantasyon mizajou nan zòn lwazi popilè yo pral benefisye rezidan yo ak vizitè yo nan rejyon an

Yo te akòde sibvansyon pwojè a atravè Inisyativ Rezistans ak Devlopman Ekonomik Eta a

Yon total ki egal a 300 milyon dola pou kominote bò litoral yo ki gen ladan 15 milyon dola pou dragaj rejyonal, 30 milyon dola pou biznis prive yo, ak 20 milyon dola pou asistans pou pwopriyetè kay

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse kòmansman konstriksyon nan yon pwojè rezistans ki koute 2.5 milyon dola yo te akòde bay Vil Yates, nan Kote Orleans, nan kad [Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik](#) (Resiliency and Economic Development Initiative, REDI) Eta New York la. Yates Town Park la sèvi kòm sèl espas lwazi piblik ki gen aksè dirèk ak Lak Ontario, ak plis pase demi kawo tè espas ouvè pou lwazi, ki gen ladan yon paviyon ak zòn piknik. Pak la se yon destinasyon popilè pou alafwa rezidan yo ak vizitè Vil la yo. Pandan inondasyon istorik la an 2019, pak la te eksperimente ewozyon konsiderab sou rivaj la. Espas lwazi a te inonde ak dlo akòz move kondisyon devèswa, sa ki te poze risk sekirite pou moun ki renmen ale nan pak yo ak anpeche itilizasyon pak la. Travay rezistans yo pral antreprann yo pral estabilize litoral la, diminye inondasyon alavni, epi asire aksè kontinyèl ak Yates Town Park pandan evènman gwo dlo yo. Pak la pral fèmen pou piblik la 18 oktòb epi l ap rete fèmen pandan dire konstriksyon an.

"Atravè REDI, Eta New York ap kontinye pwomès li anvè kominote litoral Lak Ontario a pou ede nan batay yo kont efè chanjman klima a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Asire enfrastrikti nou an solid ak fyab, ak litoral nou yo ranfòse enpòtan anpil pou pwoteje rezidan nou yo, ansanm ak pwoteje ekonomi kominote sou litoral yo. Pwojè ekspansyon Pak Vil Yates la ap fè egzateman sa, epitou li pral ogmante opòtinite lwazi pou rezidan yo ak vizitè yo nan vil la."

Mezi rezistans ak amelyorasyon pak ke yo dwe aplike nan pwojè sa a gen ladan yo:

- Amelyorasyon nan sistèm drenaj pak la ak nan sistèm jesyon dlo lapli pou rezoud pwoblèm drenaj ak etan grav yo;
- Estabilizasyon litoral nan ranp lansman bato a;
- Enstalasyon yon ranp lansman kayak;
- Konstriksyon yon waf ki bay aksè ak lapèch/dlo ki konfòme ak ADA;
- Enstalasyon nouvo ekipman lwazi, yon santye pou pyeton, nouvo paviyon, ak enstalasyon twalèt;
- Ekspansyon zòn pakin pak la; ak
- Amelyorasyon peyizaj ak espas vèt.

Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado, te deklare, "Bati rezistans kont evènman move tan ekstrèm yo ak chanjman klima a enpòtan pou pwosperite alavni nan kominote litoral Lak Ontario nou an. Depatman Deta gen yon istwa ki long nan travay avèk Vil Yates sou litoral li a epi li fyè pou l kontinye kolaborasyon nou atravè pwogram REDI pou konstwi yon Yates Town Park ki pi rezistan. Envestisman enpòtan sa a pral amelyore sekirite epi ajoute aksè ak litoral la pou tout rezidan ak vizitè yo pou yo jwi destinasyon popilè sa a ki sitiye nan yon kote ideyal sou Lak Ontario a."

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid, te deklare, "Sa a se yon lòt etap an avan nan kad jefò Eta New York pou fè enfrastrikti ak resous kominotè ozalantou Lak Ontario yo pi rezistan. Mwen felisite vil Yates paske li travay pou fè pak sa a vin pi bon, pi an sekirite e pi aksesib pou kominote a."

Senatè Robert Ortt te deklare, "Nan agrandi espas lwazi a ak nan ogmante aksè ak dlo nan Lak Ontario nan Yates Town Park, Komisyon REDI Eta New York la ak Vil Yates pral delivre nouvo opòtinite espas vèt ki enteresan pou ezidan nan Konte Orleans yo. Konbine espas deyò ogmante sa ak rezistans litoral se yon fason kreyatif pou aplike mezi sekirite piblik ak yon byen piblik. Mwen bat bravo pou Eta New York ak Vil Yates paske yo travay ansanm nan yon fason kreyatif pou benefis rezidan ak vizitè nou yo nan rejyon nou an."

Manm Asanble Stephen Hawley te deklare, "Pwojè sa a pral asire ke yo pral kapab jwi Yates Park poandan dè deseni k ap vini yo, epi ede operatè ti bato yo, tankou kayak ak bato a pedal, pou pwofite alafwa pak la ak lak la. Pandan ke l ap antreteni pak nou yo ak avantaj litoral ekonomi lokal nou an, li bay fanmi yo tou yon kote anblematik ki an sekirite, pou rasanble ak sosyalize. Mwen byen kontan pwojè sa a ap vanse pou kenbe Yates Park ak litoral li a san danje epi ouvè a tout moun, pandan l ap vin pi agreyab pase anvan."

Sipèvizè Vil Yates la, James Simon, te deklare, "Vil Yates trè eksite pou kòmanse konstriksyon pwojè REDI Park nou an! Aprè inondasyon bò lak te detwi litoral pak nou an nan ane 2017 ak 2019, nou te rekonesan dèske eta NY sipòte nou pou ranfòse rezistans pak la ak amelyore etablisman lwazi piblik sou lak la. Nou pa tann pou reouvri nouvo pak nou an nan kòmansman otòn 2022 a kòm evènman final nan 200èm anivèsè nou kòm yon vil."

Nan repons ak chema inondasyon pwolonje nan tout bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo, Eta New York te kreye REDI a pou ogmante rezistans kominote sou rivaj yo epi estimile devlopman ekonomik nan rejyon an. Yo te etabli senk (5) Komite Planifikasyon Rejyonal (Regional Planning Committees) REDI yo, ki gen reprezantan ki soti nan uit (8) Konte (Niagara ak Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga ak Oswego, ak Jefferson ak St. Lawrence) pou idantifye priyorite lokal yo, enfrastrikti ki gen risk ak lòt resous yo, ak enkyetid konsènan sekirite piblik la. Komisyon REDI a te atribye 20 milyon dola pou bay pwopriyetè kay yo asistans, 30 milyon dola pou amelyore rezilyans biznis yo, ak 15 milyon dola pou yon efò dragaj rejyonal ke chak nan uit (8) konte nan rejyon REDI yo ap benefisye. Yo te atribiye balans 235 milyon dola ki rete a, bay pwojè lokal ak rejyonal ki fè avanse epi montre egzanp misyon REDI a.

Depi kreyasyon pwogram REDI Eta a nan sezon Prentan 2019 la, 134 pwojè lokal ak rejyonal REDI finanse yo kòmanse, sa ki gen ladan 85 pwojè nan faz konsepsyon, 22 pwojè nan faz konstriksyon ak 27 pwojè ki fini.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, pwofil pwojè yo ak nouvèl sou REDI klike [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)